

A Sanctuary in the Desert: THE HOLY OF HOLIES

Lesson 106

Exodus 37:1-10; Exodus 26:31-34

Memory verse : *The Holy Spirit is indicating by this, that the way into the the Holy place wasn't revealed while the first tabernacle was still standing. »*

Hebr. 9:8

IHEMA RY'IMANA M'UBUGARARWA : AHERA CANE

Icirwa ca 106

Kuvayo 37:1-10 ; Kuvayo 26:31-34

Ijambo ngenderwako :« *Mpwemu Yera amenyekanisha atryo yuko inzira ija ahera cane itari bwerekanwe, ihema rya mbere rikiriho. »* Abahebur. 9:8

I. Intangamarara

Imana ibwira Mose ko imbere mw'iheme hazoba ibibanza bibiri : Ahera n'ahera cane. Aho hatandukanywa n'igitambara camanikwa hagati. Aha hera cane hariyo: isandugu y'isezerano; umufundikizo w'inzhabu wo guhongerako hejuru kuri wo hari abakerubi bashanje amababa mu mitwe yawo. Aha hama hari umuco utarinze gucanwa. **Ivyahish 22:5** « *Nta joro rizoba rikiriho, kandi ntibazorinda kubonesherezwa n'itara canke kwakirwa n'izuba kuko Umwami Imana ariwe azobakira. »*

Hejuru y'iryo hema, hama inkingi y'igicu k'umurango ; ikaba inkingi y'umuriro mw'ijoro. Ivyo vyerekana ko Imana ariho iri. **Kuvayo 40:34** « *Maze ca gicu gipfuka ihema ry'ibonaniro ; ubwiza bw'Uhorahobwuzura mw'ihema ry'imbere. »*. Imana ibwira Mose ngo agabishe Aroni ko adakwiye gupfa kwinjira ahera cane uko yishakiye. Ivyo vyomuviramwo gupfirayo ; arinaco catumye ico gitambara gitabuka mwo kubiri kugira bese bahabwe uburengenzira bwo kwegera ahera ho mu buryo bwa Mpwemu.

II. Ahera cane : imigenderanire myiza n'Imana.

Rimwe mu mwaka umuhererzi mukuru yarinjira ahera cane agiye gusabira imbabazi abantu bese. Yinjirana amaraso y'igitungwa n'ibimota neza. Yatangira ikimazi abantu agatanga n'ic'ivyaha vyawe. Soma Abalewi 16 : 12na 14. Igihe yemewe n'Imana ; vyasigura ko abantu bahariwe. Izi ntambuko zose zakorerwa mw'ihema zari izerekana ko Imana yama ishaka umubano mwiza n'abantu. Kuri iyi ntambuko yo kugera ahera cane niho abantu biyumva ko babanye amahoro n'Imana. Mugihe ubwiza bw'Imana bwaba bumanutse, abantu baca bamenya ko Imana ikiri umuyobozi, umutabazi n'umurinzi wabo. Ubu bwiza bw'Imana nibwo bwari umuco waho kuko hagati ya ba bakerubi niho umuco wava ukamurikira ahera cane hose.

III. Isandugu y'isezerano, umufundikizo wo guhongerako, abakerubi.

1. Isandugu y'isezerano yari yubatse mu bitu ariko isizwe izahabu inyuma n'imbere. Yari ibitse ibintu vy'agaciro nk'uko vyategetswe n'Imana : ibisate vy'amabwirizwa, inkoni ya Aroni na manu.

2. Umufundikizo wo guhongerako wari ucuzwe mu nzahabu gusa. Ku mpera yaho hakaba abakerubi bashanje amababa. Aba bakerubi bari abacunze ibi vyagezwe vyari mw'isandugu. Aha niho habonekera igikorwa gihambaye ca Kristo mu gucungura abantu. Iyo hataba ukubambwa kwa Kristo k'umusaraba ; ibi vyagezwe biba bikinanira abantu kuvyubahiriza bigatuma Umubano w'abantu n'Imana wama watosekaye. Icokurikiye kwobaye igihano kuri bese.

Ni murabe igikorwa Yesu Kristo yakoze. K'umusaba acikanye, ca gihuzi gikigira ahera cane caciyeye gitabukamwo kabiri. Abatari bemerewa kuharaba barahabona kandi ntibagira ico baba. Imyaka uko yagiye ikurikirana niko intambara yagiye iraba mubihugu vya Isirayeli, gushika aho ivyo bimenyetso vyose vyerekana ukubaho kw'Imana bisahurwa n'abansi canke mbere bigaturirwa.

Amahirwe yabayeho ni uko abantu batari bakishize umutima kw'ihema n'ibiri muri yo vyo mw'isi, ahubwo uguharirwa ivyaha, ukwezwa no kugira imigenderanire n'Imana mu kuzura Mpwemu Yera vyari bisigaye bibonerwa muri Yesu Kristo gushika na n'ubu.

Uyu ntagira icaha, ntasanza ngo asubirirwe n'uwundi, yabereye ikimazi abantu bese rimwe gusa aba arabitunganiye.

IV. Gushira mu ngiro.

Ijambo ry'Imana ryerekana ko inzira ija ahera cane itari bwaboneke igihe ihema ryari rgishinze. Iyi nzira yabonetse kuva Yesu yemeye kwitanga k'umusalaba, akababazwa, akicwa, agahambwa, akazuka mu bapfuye k'umusi ugira gatatu.

Nkuko biboneka umusi wo kugaruka kwa Kristo urushiriza kutwegera ; reka umuntu wese yegere Imana n'umutima wejejwe, ata bwoba, kandi yizera ugucungurwa k'ukuri kwabonekeye muri Kristo Yesu.

Nkuko ababa m'urugo bama bari mu gusenga, nawe niba wipfuzwa kwegera ahera cane, wohaguruka ugasenga.